Konsèy Jistis Anviwònmantal

Reyinyon #28

Jedi, 8 Oktòb, 2026, 6:30 pm

Lokal an Pèsòn : Springfield MA

Legliz South Congregational Church

50 Main Street, Stockbridge, MA 01262

Lojistik ak Ajanda yo

Konsèy Jistis Anviwonman an

Reyinyon #27 • 13 Out, 2026 • 6:30 pm


LOJISTIK YO

➲ **Nou ofri sèvis entèpretasyon nan lang sa yo: Español, Kreyòl Ayisyen, 普通话 , Português, Tiếng Việt, ak Lang an Siy Ameriken (ASL)**

- To participate in English, click the “Interpretation” icon and select English.
- Para entrar no canal em português, clique no ícone “Interpretation” e selecione “Portuguese”
- Si alguien desea interpretación en español, haga clic en “Interpretation” y seleccione “Spanish”
- Pa partisipa na Kriolu, klika na íkone "Intirpretason" y silisiona "Cape Verdean Creole“
- Pou rantre nan chanèl kreyòl ayisyen an, klike sou ikòn “Interpretation” an epi chwazi “Haitian Creole”
- 要以普通话参加会议，请单击口语图标并选择 "Chinese”.
- Để vào kênh bằng tiếng Việt, hãy nhấp vào biểu tượng “Interpretation” và chọn “Vietnamese”.

➲ **Tanpri pale dousman.**

➲ **Tout patisipan yo dwe seleksyone yon lang nan chanèl la, menm si w ap gade prezantasyon an nan lang Anglè.**



➲ **Si w ta renmen yon vèsyon nan tradiksyon paj sa yo, tanpri ale sou sit wèb EJC a nan : https://www.mass.gov/service-details/environmental-justice-council-ejc-meetings**

REYINYON SA A ANREJISTRE

Ajanda

- Revizyon jeneral sou reyinyon, lojistik ak ajanda
- Apèl pou prezans ak Apwobasyon minit dènye Reyinyon EJC
- Kòmantè Piblik
- Pwogram Sibvansyon pou Sipòte Entèvenan yo
- Kòmantè Piblik la (si gen lè toujou)
- Pwochen Etap yo
- Nou Fini/Ranvwaye



Apwobasyon Minit Reyinyon 13 Out, 2026, Minit Reyinyon yo & Apèl pou Prezans : Manm Konsèy EJ yo

- Madeline Fraser Cook
- Melissa Harding-Ferretti
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Peter Maathey
- María Belén Power
- Sofia Owen
- Jen Salinetti
- Patricia Spence
- Miles Gresham
- Harleen Marwah
- Paula Garcia

Kòmantè Piblik yo ak Kesyon yo

Tanpri limite chak kòmantè a de (2) minit pou bay lòt moun tan pou yo pale

Pwogram Sibvansyon pou Sipòte Entèvenan yo

Apèsi sou Pwogram Sibvansyon pou Sipò Entèvenan

Depatman Sèvis Piblik, Divizyon Patisipasyon Piblik

8 Oktòb, 2026

Domèn Sijè ki Kouvri nan Prezantasyon an

- Objektif Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan an
- Pwosedi ki Elijib pou Entèvansyon
- Dwa ak Responsablite yon Entèvenan
- Pwosesis pou Vin yon Entèvenan
- Pwosesis pou Entèvni ak Pwosesis pou Aplike pou yon Sibvansyon Entèvenan
- Antite ki Kalifye pou Resevwa Finansman Sibvansyon
- Enfòmasyon ki Nesesè nan Aplikasyon pou Sibvansyon
- Atribisyon Sibvansyon ak Pwosesis Peman
- Itilizasyon Fon Sibvansyon an
- Sistèm Jesyon Sibvansyon (GMS) – Pòtay Aplikasyon Sibvansyon Anliy
- Resous ki Disponib

Objektif Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan an ("Pwogram")



- Bay finansman pou gwoup ki kalifye ki pa kapab patisipe nan pwosedi Depatman Sèvis Piblik ("DPU" oswa "Depatman") oswa Manm Konsèy pou Plasman Etablisman Enèji (“Manm Konsèy Etablisman yo") akoz difikilte finansye
- Pèmèt benefisyè yo kouvri/peye frè pou avoka, temwen ekspè, ekspè kominotè, administratif, ak lòt depans ki elijib
- Bay divès vwa yon plas sou tab la ak yon opòtinite pou enfliyanse desizyon yo
- Administre pa Divizyon Patisipasyon Piblik ("DPP") Depatman an

Gen finansman ki disponib pou pwosedi ki kòmanse nan dat 1er Jiyè 2026 la oswa apresa.

Pwosedi ki Kalifye pou Finansman Sibvansyon pou Entèvansyon

Depatman:

- Petisyon konpayi sèvis piblik yo pou chanje tarif distribisyon elektrisite ak gaz pou kliyan yo
- Modènizasyon rezo a ak plan envestisman nan enfrastrikti
- Petisyon sou fakti nèt kontè ak entèkoneksyon (pa egzanp, apwobasyon estanda entèkoneksyon revize)
- Pwogram efikasite enèji ak dekarbonizasyon (pa egzanp, pwogram pilòt pou rezo jeotèmik, tarif ponp echofaj)

Komisyon pou Plasman

revize etablisman gwo enfrastrikti enèji yo pwopoze yo

- Etablisman pou pwodiksyon enèji renouvlab (Soley, van)
- Etablisman depo estokaj enèji batri
- Sous-estasyon
- Enfrastrikti transmisyon ak distribisyon
- Tiyo gaz ak etablisman ki gen rapò ak sa

Envestigasyon ak elaborasyon règleman ke Depatman an inisye pa kalifye pou finansman sibvansyon.

Dwa ak Responsablite yon Entèvenan

Nivo Patisipasyon k ap Ogmante nan yon Pwosedi



Yon Entèvenan se yon patisipan (pati) ki rekonèt legalman ak yon nivo patisipasyon ki pi wo nan pwosedi a

- Soumèt prèv
- Fè demann enfòmasyon
- Prezante temwen epi fè kontwòl kesyon yo
- Depoze memwa
- Fè apèl kont desizyon yo

- Pou w se yon entèvenan, sa mande tan, enèji, ak resous


Patisipan Limite

Yon moun oswa yon antite patisipasyon li limite a sijè espesifik nan yon pwosedi. Li ka soumèt kòmantè, depoze yon memwa, epi resevwa kopi demann enfòmasyon ak repons yo, repons pou demann enfòmasyon yo, ak temwayaj.

Kòmantatè Piblik

Bay fidbak alekri oswa aloral sou yon pwosedi men li pa gen dwa yon entèvenan

Pwosesis pou vin yon Entèvenan



- Petisyon pou entèvni a dwe enkli enfòmasyon debaz sou petisyonè a (non, adrès, ak enfòmasyon kontak), fason petisyonè a afekte anpil e espesyalman pa pwosedi a, ak ki sijè y ap abòde kòm yon entèvnan
- Delè pou soumèt petisyon pou entèvni
  - Depatman – anjeneral 7 jou anvan odyans pou kòmantè piblik la
  - Komisyon Plasman – anjeneral 14 jou apre odyans piblik la
  - Ou ka mande plis tan pou depoze petisyon pou entèvni si sa fèt anvan dat limit orijinal la

*Nòtifikasyon an rele Nòtifikasyon sou Depoze Dosye a ak Odyans Piblik nan yon Pwosedi Depatman oswa Nòtifikasyon sou Jijman ak Odyans Piblik nan yon Pwosedi Komisyon Plasman

Pwosesis pou Entèvni & Pwosesis pou Aplike pou yon Sibvansyon Entèvenan

Pwosesis pou Entèvni nan yon Pwosedi

Depatman an oswa Komisyon Plasman an Pibliye Avi sou Pwosedi a

Entèvnan potansyèl soumèt petisyon pou entèvni

Depatman an oswa Komisyon Plasman an pran desizyon sou petisyon pou entèvni

Estati entèvnan an akòde oswa refize

Resevwa estati entèvant se yon kondisyon pou resevwa finansman atravè Pwogram nan

Pwosesis pou Aplike pou yon Sibvansyon Entèvansyonè

Aplikan pou sibvansyon an kreye yon Kont MyMassGov ak yon Pwofil

Aplikan pou sibvansyon an soumèt aplikasyon an anvan dat limit pou entèvni

DPP revize aplikasyon an pou konplete l nan 10 jou ouvrab

DPP revize aplikasyon an epi li bay yon desizyon alekri nan 30

Prim kondisyonèl si desizyon sou petisyon pou entèvni a pa pibliye

Soumèt demann pou peman sibvansyon an yon fwa sibvansyon an apwouve epi yo resevwa estati entèvnan an

Soumèt rapò final la nan 30 jou apre pwosedi a fini

Antite ki Kalifye pou Resevwa Finansman Sibvansyon

Se sèlman pati ki resevwa estati entèvnan ki kalifye pou resevwa finansman sibvansyon

Antite ki pa elijib yo enkli Endividi, Patisipan limite, ak moun ki petisyon pou entèvni yo pa reyisi

- ✓ Òganizasyon ki reprezante kliyan rezidansyèl, rezidan ki gen ti revni oswa revni modere, rezidan nan kominote ki istorikman majinalize oswa ki twò chaje e ki pa resevwa ase sèvis, oswa rezidan nan Zòn Chaje
- ✓ Enstitisyon gouvènmantal (vil, komin, distri, distri lekòl rejyonal, oswa konte)
- ✓ Ajans planifikasyon rejyonal, pa egzanp, Konsèy Planifikasyon Zòn Metwopolitèn, Komisyon Cape Cod
- ✓ Tribi rekonèt pa gouvènman federal la, rekonèt pa eta a, oswa ki rekonèt pa eta a
- ✓ Yon gwoup twa moun oswa plis ("asosyasyon ki pa enkòpore") ki ka afekte espesyalman e anpil pa pwosedi a

Enfòmasyon ki Nesesè nan Aplikasyon pou Sibvansyon

Aplikasyon pou Sibvansyon an Dwe

- Demontre difikilte finansye enpòtan (enkapasite pou patisipe san resevwa Sibvansyon)
- Bay enfòmasyon sou 3 dènye pwosedi aplikan an te entèvni ladan yo, si sa aplikab
- dekri pozisyon ak enterè aplikan an nan pwosedi a
- dekri yon plan ki byen defini, rezonab, ak reyalizab pou patisipasyon nan pwosedi a, ki enkli kontribisyon espere nan dosye prèv la
- Detaye pèspektiv inik aplikan an

Dokiman pou soumèt ak aplikasyon an

Bidjè detaye pwopoze

Fòmilè Enfòmasyon Avoka ak Ekspè

Fòm Transfè Fon Elektwonik (EFT)

Fòm W-9 ak TIN (EIN oswa SSN)

Fòm 990

Atribisyon/Prim Sibvansyon an ak Peman yo

Montan Prim yo

- Jiska $150,000 pou chak Benefisyè
- Jiska $500,000 pou tout Benefisyè yo nan yon pwosedi

Opsyon Peman

Moun ki resevwa sibvansyon yo chwazi resevwa Sibvansyon an swa kòm:

a) Peman davans (peman pa tranch ki ka rive jiska 20% nan prim lan)

- Peman davans yo mande pou moun ki resevwa sibvansyon an montre yon bon rezon ak gwo difikilte finansye

b) Ranbousman apre depans yo fin fèt pandan tout pwosedi a

Demann Peman yo dwe soumèt nan GMS ak dokiman ki sipòte yo (estimasyon, fakti, oswa resi)

- Peman yo distribye nan 30 jou apre yo fin resevwa yon Demann Peman

Itilizasyon Fon Sibvansyon an

Itilizasyon ki Kalifye

Depans administratif jiska 10% nan montan Prim lan oswa plis si Direktè DPP a otorize sa

Frè avoka

Frè temwen ekspè, enkli frè Ekspè Kominotè*


Itilizasyon ki pa elijib

- Acha oswa lwaye ekipman
- Lobiyis politik
- Piblisite/maketing pou fè konnen pwendvi Benefisyè a sou yon pwosedi
- Depans pou fè apèl kont desizyon final DPU oswa EFSB nan pwosedi a
- Lòt itilizasyon ki ilegal, ki pa etik, oswa ki pa apwopriye

*Ekspè Kominotè: Manm yon kominote ki afekte, tankou rezidan oswa gwoup kominotè, ki gen konesans oswa eksperyans pèsonèl ki gen rapò ak pwosedi a


Sistèm Jesyon Sibvansyon (GMS) - Paj Koneksyon an

Aplikan yo ap bezwen anrejistre anvan pou yon kont MyMassGov epi tann apwobasyon (sa ka pran jiska 48 èdtan)



Sistèm Jesyon Sibvansyon (GMS) - Pòtay Aplikasyon Anliy

Yon videyo ak yon gid ekri sou fason pou itilize GMS ap disponib byento



Resous ki Disponib pou Kandida yo

- Paj wèb Pwogram Sibvansyon Sipò Entèvenan - (mass.gov/IntervenorProgram)
- Gid Pwogram Sibvansyon Sipò pou Entèvenan (1 Jiyè 2026)
- Feyè
  - Konprann Etap yo nan yon Pwosedi Adjisidyonèl Depatman
  - Feyè pou Konprann Etap nan yon Pwosedi Komisyon Plasman (an devlopman)
  - Feyè apèsi sou Pwogram Sibvansyon Sipò pou Entèvnan
  - Vin yon Entèvenan epi Aplike pou yon Sibvansyon: Feyè Apèsi
- Modil videyo (an devlopman)
  - Apèsi sou DPU ak Komisyon Plasman
  - Apèsi sou Pwogram Sibvansyon Sipò pou Entèvenan an
  - Patisipasyon kòm Entèvenan - Wòl ak Pwosesis
  - Kijan pou Aplike pou Pwogram Sibvansyon Sipò pou Entèvenan nan GMS (ak anrejistreman ekran)
- Gid Sistèm Jesyon Sibvansyon (an devlopman)
- Imèl pwogram nan - dpu.isgp@mass.gov

Webinè k ap vini yo nan Depatman Sèvis Piblik

- Pwogram Sibvansyon Sipò pou Entèvenan: Yon Apèsi ak Fason pou Aplike

  29 Oktòb, 1:00 - 2:00 pm

- Navigasyon Egzijans Pre-soumisyon pou Gwo Pwojè Enfrastrikti Enèji Pwòp

  12 Novanm, 11:00 am – 12:00 pm

- Kijan pou w Vin yon Entèvenan: Konprann Pwosesis la ak Fason pou w Aplike pou Pwogram Sibvansyon Sipò pou Entèvenan an

  03 Desanm, 12:00 - 1:30 pm

Kesyon ak Repons

Kòmantè Piblik yo ak Kesyon yo

Tanpri limite chak kòmantè a de (2) minit pou bay lòt moun tan pou yo pale



Pwochen Etap yo & Nou Fini/Ranvwaye

Dat Pwochen Reyinyon an:

- 10 Desanm

Enfòmasyon sou EJC ak reyinyon yo disponib sou paj sa https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council-ejc

Demann entèpretasyon pou Lang an Siy Ameriken (ASL) dwe fèt twa semèn anvan dat reyinyon an nan imèl sa a: meetings@erg.com